



PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT) GENAP

MADRASAH IBTIDAIYAH HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL

TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA	Hari /tanggal :
Kelas : V	Waktu :

I. Berilah tanda silang (X) pada huruf a, b, c atau d pada lembar jawaban yang benar!

- Tembung dheskripsi iku asale saka tembung ...
 - Discuss
 - Describe
 - description
 - describition
- Wacan kang awujud andharan utawa gambaran kanthi tembung-tembung sawijining barang, papan panggonan, swasana, lan kadadean, nduweni ancas supaya kaya-kaya pamaca weruh supaya kaya-kaya pamaca weruh bab kang dideleng diarani ...
 - Dheskripsi
 - Narasi
 - eksposisi
 - persuasi
- Titikane wacan dheskripsi ing antarane yaiku ...
 - Nggambarake kadadean kanthi cetha
 - Kadadeane nganggo urutan wektu
 - Isine cara gawe utawa carane nganggo barang
 - Pamaca ora bisa nggambarake
- Nalika maca teks dheskripsi patrape awak sing bener ...
 - Sikil mbegagah
 - Sirahe ndingkluk
 - kakehan obah
 - ngadeg jejeg
- Teknik maca kang biyasane digunakake para presenter, yaiku maca ...
 - Endah
 - Memindai
 - nyaring
 - tanpa swara
- Kanggo nglestarekake ekosistem kang seimbang, bocah-bocah kudu mbuwang uwuh ing ...
 - Kali
 - Panggonan uwuh
 - ngarep omah
 - pasar
- Saben liwat pinggir tegalan, tanduran para tani sinawang katon ...
 - Gemrijik
 - Ijo royo-royo
 - adhem
 - wangi
- Yen wayahe ngembang bareng, tetanduran kembang ing latarku kaya ...
 - Kolam
 - Taman
 - sekolahan
 - pasar

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 9-12.

Taman selecta

Anane papan wisata selecta batu malang pancen wis suwe, nanging ora nyuda Cniyat para wisatawan teka ing papan iki. Jam buka taman bunga selescta malang wiwit tabuh 6 esuk lan tutup tabuh 6 sore.

Taman iki cocog kanggo pariwisata nalika prei sekolah utawa piknik karo kulawarga ing akhir minggu. Sing narik kawigaten taman selecta yaiku hawa sing seger, taman sing endah lan resik, saengga para pengunjung rumangsa betah.

9. Kang dadi salah sawijining daya tarikan wisata selecta batu malang awujud ...
 - A. Pantai pasir putih
 - B. Taman edukasi
 - C. taman bunga
 - D. museum
10. Wektu operasional wisata selecta batu malang yaiku ... jam
 - A. 6
 - B. 8
 - C. 10
 - D. 12
11. Ing ngisor iki klebu alesan sing narik kawigaten wisatawan betah plesiran menyang taman selecta, kajaba ...
 - A. Hawa sing seger
 - B. Taman sing endah
 - C. tiket sing murah
 - D. taman sing resik
12. Miturut wacan kasebut, taman selecta cocog kanggo segmentasi pariwisata ...
 - A. Karyawan pabrik minangka acara gathering
 - B. Nalika prei sekolah utawa piknik karo kulawarga ing akhir minggu
 - C. Nalika prei lebaran lan dina riyaya liane
 - D. Sapa wae sing butuh prei saben wayah
13. Banyu kali saka lereng gunung tiba ing papan kang luwih cendhek awujud grojogan, gembrojek unine. Ukara ing dhuwur migunakake pancaindra ...
 - A. Mripat
 - B. Irung
 - C. kuping
 - D. kulit
14. Saben esuk saka pucuke gunung bromo metu ... kumebul sundhul angkasa. Tembung kang trep kanggo ngiseni cecek-cecek ing dhuwur yaiku ...
 - A. Wedhi
 - B. Suket
 - C. beluk
 - D. adhem
15. Bedane wacan dheskripsi karo wacan narasi, yaiku ...
 - A. Dheskripsi menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang, menawa narasi nggambarake samubarang
 - B. Dheskripsi gambarake, menawa narasi nyritakake nganggo urutan wektu
 - C. Dheskripsi njlentrehake saweneh bab kanthi bukti-bukti kang kuwat, menawa narasi menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang
 - D. Dheskripsi nyritakake nganggo urutan wektu, menawa prosedur menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo
16. Lumrahe basa rinengga kuwi kanggo nulis kasusastraan. Tuladhane kasusastraan kajaba ...
 - A. Geguritan
 - B. Drama
 - C. teks deskripsi
 - D. pewayangan
17. Basa kang endah utawa basa sastra, endahe karana dipaesi utawa dirumpaka diarani basa ...
 - A. Krama
 - B. Bagongan
 - C. krama desa
 - D. rinengga
18. Ing ngisor iki klebu jinise basa rinengga, kajaba ...
 - A. Pawarta
 - B. Pepindhan
 - C. panyendu
 - D. parikan
19. Polahe wong kutha kaya gabah ...
 - A. Kabur kanginan
 - B. Dionceki
 - C. diinteri
 - D. dikumbah
20. Perangane awak sing nyela cendhana, yaiku ...
 - A. Drijine
 - B. Untune
 - C. alise
 - D. bathuke
21. Sinta lan Santi kae bocah kembar kang rupane kaya ...
 - A. Blarak sempal
 - B. Mucuk eri
 - C. jambe sinigar
 - D. ndamar kanginan
22. Panyandra iku basa rinengga kanggo ngarani perangane awak kanthi tujuan ...
 - A. Nyemoni
 - C. ngupamakne

- B. Ngalembana D. nyindir
23. Aku seneng mertamu menyang omahmu, amarga suguhane mbanyu ...
A. Mili C. Mampet
B. Anyep D. Enak
24. Joko kae baguse kaya bathara ... tumurun
A. Kamajaya C. Ismaya
B. Kumaratih D. Guru
25. Cipir mrambat kawat ...
Jangkepane isi parikan ing dhuwur, yaiku ...
A. Ora mampir angger liwat C. aku seneng mangan cipir
B. Ora ngapa sing penting banter D. manggis karengat
26. Bayem erine, ketan pulukane
Aku rumangsa ayem atine, ketekan panyuwne
Basa rinengga ing dhuwur klebu ...
A. Parikan C. Pepindhan
B. Panyandra D. Panyendu
27. Godhong klaras godhong ...
Bocah memelas luru rejeki.
Tembung kang trep kanggo ngisi sampiran parikan ing dhuwur, yaiku ...
A. Nangka C. krambil
B. Kemangi D. gedhang
28. Kowe kuwi sedina ora adus nganti gandamu arum jamban. Arum jamban tegese ...
A. Wangi banget C. nengsemake ati
B. Ambune kecut D. marai luwe
29. Mripate bocah ayu kae cinandra ...
A. Blarak sempal C. jambe sinigar
B. Mucuk eri D. ndamar kanginan
30.
Dadi murid kudu sregep sinau
Larik kang trep kanggo ngisi sampiran parikan ing dhuwur, yaiku ...
A. Ana bocah mlaku ing embong
B. Tuku petelot dilincipi
C. Manuk emprit nucuki sega krawu
D. Mlaku-mlaku ing Tanjung Perak
31. Salah sawijine tontonan kanthi pepethan wong lan kewan kang digawe saka walulang utawa kulit kewan, kayu, godhong, kain, lan sapanunggalane diarani...
A. Blencong C. wayang
B. Cempala D. keprak
32. Deretan wayang kang ditata ana ing tengen lan kiwane kelir diarani ...
A. Simpingan C. keprak
B. Cempala D. kothak wayang
33. Penyanyi kang biyasane nembang gendhing-gendhing ing pagelaran wayang diarani ...
A. Waranggana C. dhalang
B. Wiyaga D. pengrawit
34. Piranti pewayangan sing gunane kanggo menehi ada-ada tumrape dhalang marang niyagane diarani ...
A. Blencong C. keprak
B. Kelir D. cempala

35. Tembung dhalang iku tegese ...

- A. Dhahar anggegulang
- B. Medhar piwulang
- C. wudhar gelang
- D. sadhar piwulang

Crita ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 36- 40!

Ing sawijining dina, Begawan Abyasa, Madrim, Puntadewa, Yamawidura, Kunthi, lan Bima ana ing Kraton Ngastinapura nunggu baline Prabu Pandhu. Ora suwe dumadakan teka salah siji utusan saka Pandhu kang nggawa warta yen Prabu Pandhu nembe netepi jejibahan ndherekake Basudewa tindak ana ing tlatah Mandura.

Dewi kunthi kang nembe mbobot tuwa banjur nglairake jabang bayine. Saka kelahiran iku bayi kang lagi wae mbrojol saka njero weteng Dewi Kunthi banjur digendhong dening Bima sing ora liya, yaiku kakang saka jabang bayi kuwi mau. Bima nggendhong adhine menyang tlatah Mandura kanthi kawalan saka Begawan Abiyasa.

36. Prabu pandhu nembe netepi jejibahan.

Tembung jejibahan padha tegese karo ...

- A. Kreteg
- B. Jembatan
- C. kuwajiban
- D. lelungan

37. Garwane prabu pandhu kang lagi mbobot ing crita kasebut asmane ...

- A. Dewi kunthi
- B. Dewi Madrim
- C. Dewi Badraini
- D. Dewi Sumbadra

38. Kang nggendhong arjuna saka ngastinapura menyang tlatah mandura, yaiku ...

- A. Begawan abiyasa
- B. Puntadewa
- C. pandhu dewanata
- D. Bimasena

39. Ing ngisor iki jeneng liya Arjuna, Kajaba ...

- A. Permadi
- B. Jlamprong
- C. Palguna
- D. Antasena

40. Wacan kasebut klebu crita wayang kang tinulis ing kitab ...

- A. Ramayana
- B. Mahabarata
- C. Ayodyakandha
- D. Menakjingga

41. Saben aksara carakan mesthi nduweni ... kanggo paten aksara sadurunge.

- A. Pasangan
- B. Sandhangan
- C. pada
- D. pepet

42. Aksara jawa iku dipercaya ana gandheng cenenge karo cerita rakyat ...

- A. Dumadine Rawa Pening
- B. Legendha Candhi Prambanan
- C. Aji saka
- D. Asal-Usul Wonogiri

43. Pasangan kang wujud ora padha persis karo aksara carakane yaiku ...

- A. Ra
- B. Ya
- C. Ma
- D. Ga

44. Aksara carakan kang pasangane manggon jejer ora neng ngisor aksarane, **kajaba** ...

- A. Ha
- B. Sa
- C. Pa
- D. La

45. Ing ngisor iki kang diarani pengkal, yaiku ...

- A. 
- B. 
- C. 
- D. 

46. Ing ngisor iki sing klebu sandhangan panyigenging wanda, yaiku ...

- A. Cakra
- B. Wulu
- C. keret
- D. wigyan



Aksara ing dhuwur iku diwaca ...

- A. Haja dumo
- B. Haja demok
- C. aja dumeh
- D. aja demok

48.

ꦧꦤ꧀ꦲꦸꦤꦶꦏꦸ

Tembung ing dhuwur iku diwaca ...

- A. Wajan ireng
- B. Wajik kletis
- C. mangan wareg
- D. mangan wajik

49.

ꦲꦏꦱꦫꦏꦱꦺꦧꦸꦠ

Aksara kasebut diwaca ...

- A. Sandal telu
- B. Rujak nanas
- C. Rujak enak
- D. seneng tetulung

50. "anak polah" yen ditulis nganggo aksara jawa dadi ...

A. ꦲꦤꦏꦥꦺꦭꦲ

B. ꦧꦤ꧀ꦲꦸꦤꦶꦏꦸ

C. ꦲꦤꦏꦥꦺꦭꦲ

D. ꦲꦤꦏꦥꦺꦭꦲ